

## Nou pa p koube pou asasen yo !

Se ak gwo lapenn e ak anpil endiyasyon òganizasyon feminis yo aprann kò ansasinay ki fèt nan aswè 29 jen 2021 an, nan Pòtoprens, sou yon latriye moun. Antoinette Duclaire (alyas Netty), yon kanmarad feminis, yon militant politik, yon jounalis angaje, konte pami viktim yo, menm jan ak yon lòt pèsonalite tankou Diego Charles, jounalis radyo Vizyon 2000. Feminis yo koube byen ba devan tout viktim yo. Yo prezante kondoleyans yo bay fanmi ak zanmi yo, kanmarad konba yo, kòlèg yo.

Kò ansasinay sa yo, vin ajoute sou pil zak krabinay ki pa sispann fèt sou popilasyon an, espesyalman nan katye popilè tankou Matisan ak Bèlè, kote fanm pa gen gòj ankò pou pouse rèl. Briganday otorite yo, konplisite yo ak gang ame yo pèmèt laterè blayi toupatou nan peyi a. Fason Antoinette Duclaire ak lòt moun yo pèdi lavi yo, se yon vizaj sistèm laterè a.

Malgre kantite moun k ap mouri mal toulèjou, malgre dividal moun ki oblije kouri kite lakay yo, malgre popilasyon an pa ka jwenn laswenyay, malgre latriye timoun ki nan malsite, gouvènman de fakto an kenbe tennfas ak ajisman gwo ponyèt li yo, ak koze referandòm konstitisyonèl epi ak eleksyon. Depi jiyè 2018, kominote entènasyonal la pa sispann pote soutyen san mank li bay pouvw a, kidonk li montre mepri li genyen pou pèp ayisyen. Ekzakasyon ak ansasinay k ap fèt anba dra enpinite, dega sosyal, ekonomik ak politik, se rezilta kalbenday ak kont maltaye politik. Otorite yo pa konsidere yo la pou pwoteje lavi moun. Entènasyonal la menm fè kòmisi li pa wè tray popilasyon an, kòmisi li pa tande revandikasyon yo, kòmisi li pa konnen misyon entènasyonal degrenn gòch ak eleksyon bouyi vide pa fouti donnen ni chanjman, ni demokrasi, ni pwogrè.

Pwopagann ak atak pa ka fè sitwayèn ak sitwayen konsekan bat ba. Feminis yo rete kwè desten pèp ayisyen se pa sibi dominasyon, ekzakasyon ak enjistis. Feminis yo ap kontinye ankouraje popilasyon an mache kontre pou sanble fòs pou reziste.

### 2 jiyè 2021

Pou otantifikasyon : Nathalie E. Vilgrain, Kòdonatris jeneral Marijàn  
Kontak : Tel (+509) 47 16 49 84 | [contact.marijan@gmail.com](mailto:contact.marijan@gmail.com)

Signatèz yo

1. Marijàn
2. Nègès Mawon
3. SOFA - Solidarite fanm ayisyèn
4. Kay Fanm
5. Fanm Vanyan
6. Dantò
7. Fanm Deside
8. AFASDA - Asosyasyon fanm solèy d Ayiti
9. GADES - Gwoup api pou devlopman Sid
10. REFRAKA - Rezo fanm nan radyo kominotè ayisyen
11. Fondasyon Toya
12. KRIFA - Kri Fanm Ayiti
13. Sabine Manigat, feminis endepandant
14. Marie Isnise Romélus, feminis endepandant
15. Emanuela Paul, feminis endepandant
16. Fanm Yo La